



Pou Piblikasyon Imedya: 24/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ CUOMO AK KOMISÈ SANTE ETA NEW YORK LA,
DOKTÈ HOWARD ZUCKER, KONSÈNAN REPRIZ VAKSINASYON JOHNSON &
JOHNSON LAN**

Deklarasyon Gouvènè Andrew M. Cuomo:

"Ekspè sante piblik ki gen renome mondyal ki soti nan gouvènman federal la ak pwòp gwoup travay endepandan Eta nou an te revize done yo epi yo te reyafime ke itilizasyon vaksen Johnson & Johnson lan kapab reprann. Eta New York pral reprann administrasyon vaksen sa a nan tout sit Eta nou an ap dirije yo, sa an vigè imedyatman. Vaksen an se zam ki pral pote viktwa nan lagè kont COVID la ak pèmèt tout moun reprann aktivite nòmal yo, epi nou genyen twa vaksen ki pwouve a dispozisyon nou. Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran kèlkeswa sa ki disponib pou yo a dabò. Pi bonè nou pran vaksen an, pi bonè nou kapab mete kochma long sa a dèyè nou yon fwa pou tout".

Deklarasyon Komisè Sante a, Doktè Howard Zucker:

"Yèswa, apre yon revizyon konplè sou sekirite, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) a ak Ajans Administrasyon Pwodui Alimantè ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) an leve poz yo te rekòmande a sou vaksen Johnson & Johnson kont COVID-19 la epi yo te di ke Etazini kapab reprann itilizasyon vaksen an pou granmoun yo, ki gen laj 18 ane ak plis. Apre diskisyon avèk Gwoup Travay Konsiltatif Klinik Eta New York (New York State's Clinical Advisory Task Force) la ak Gouvènè Cuomo, mwen rekòmande ke Eta New York aksepte rekòmandasyon federal yo epi reprann vaksinasyon Johnson & Johnson lan, sa an vigè imedyatman.

Done yo te montre ke avantaj yo konnen vaksen an genyen yo depase de lwen risk potansyèl ki ekstrèmman ra yo, men nou ankouraje nenpòt moun ki gen kesyon sou vaksen kont COVID-19 yo pou yo pale avèk founisè swen sante yo a. Nou pral kontinye kominike mizajou ak direktiv regilye gouvènman federal la preskri sou vaksen Johnson & Johnson lan ak tout vaksen ki sou mache a yo bay founisè yo ak gran piblik la.

Nou ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo pran nenpòt vaksen ki disponib pou yo, pi rapidman posib, dekwa pou nou kapab resi bat viris sa a epi kontinye wout nou pou reyouvri kominote yo ak ekonomi nou an nèt."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)